



# Vil New York Idantifikasyon ak Eliminasyon Tik

Pifò tik nou montre pi ba yo ra nan Vil Nouyòk (New York City, NYC) eksepte nan Staten Island ak Nò Bronx. Men, ou jwenn yo nan zòn ki anviwonnen NYC yo.



### Tik ki gen pat nwa

Ou jwenn li nan Eta ki nan Nòdès ak Eta ki nan Midwès yo. Li kapab bay maladi Lyme, anaplasmòz, babesyoz ak *viris Powassan*.



### Tik etwal solitè

Ou jwenn li nan Eta Nouyòk (New York State, NYS) ak lòt Eta ki nan Lès yo. Li kapab bay èlichyòz epi li vini avèk sendwòm alfagal (alèji ak vyann wouj).



### Tik chen Ameriken

Ou jwenn li nan pati lès Montay Wòch yo (Rocky Mountains), menm NYC. Li kapab bay lafyèy tach Rocky Mountain lan.



### Tik Kot Gòlf

Ou jwenn li nan Eta ki nan Sid yo ak Eta Kòt Atlantik yo. Li kapab bay yon maladi ki rele *Riketsi pakeri*.



### Tik azyatik kòn long

Ou jwenn li nan NYS ak lòt Eta ki nan Lès yo. Yo pa konnen si li bay moun maladi Etazini.

### Tik yo se bèt ki piti.

Imaj anwo yo montre tik ki fin grandi. Men tik yo nan gwosè reyèl yo.



lav



nenf



li vin grandi



tik ki angòje

## Verite sou Tik

- Tik yo se tibèt nuizit ki renmen bwè san. Se pa tout tik ki pote maladi epi se pa tout moun k ap malad lè yon tik mòde li.
- Tik yo pa konn vole ni sote. Yo tann lè moun oswa bèt yo ap pase, epi yo kole epi grenpe yon kote ki cho sou kò a pou yo souse san.
- Tik yo kapab aktif nenpòt lè tanperati deyò a frèt anpil.
- Tik yo prefere rete kote ki imid ak kote ki gen lonbraj. Ou ka jwenn yo nan zòn ki bwaze, nan zèb ki wo ak fèy pouri ki sot tonbe.




Tik ki antre nan po a epi ki irite li.

Pifò moun NYC ki gen maladi moun pran nan tik vin enfekte lè yo nan zòn kote maladi yo ap vale teren plis, tankou nan lòt Vil New York, Long Island, New Jersey ak lòt Eta ki nan Nòdès yo. Nan Staten Island ak kèk zòn nan Bronx, moun kapab trape enfeksyon nan tik tou.

## Siy ak Sentòm Maladi Moun Pran nan Tik

- Maladi Lyme:**
  - Yon oswa plizyè bouton ki layite kò yo epi ki sanble ak yon ti wonn (bouton sa a pa menm ak woujè nòmal ki ozalantou yon piki tik)
  - Lafyèy, fatig, tèt fè mal, ak doule nan misk oswa jwenti
  - Pwoblèm newolojik ak pwoblèm kè ak rimatis kapab devlope
- Babesyoz, anaplasmòz ak èlichyoz:**
  - Lafyèy, frison, tèt fè mal, doule nan misk ak fatig
- Lafyèy tach Rocky Mountain:**
  - Lafyèy, frison, gwo tèt fè mal, doule nan misk, ak bouton nan pla men ak anba pla pye ki simaye nan kò a
  - Li kapab lakoz lanmò si yo pa trete l bonè avèk antibyotik ki apwopriye a



Al wè pwofesyonèl swen sante w la si ou devlope youn nan sentòm sa yo.

## Fason Pou Anpeche Tik Pike Ou


- Evite ale nan zòn ki bwaze ak zòn ki gen plant ki ba ak zèb ki wo oswa fèy pouri ki sot tonbe; evite mache nan mitan chemen yo.
- Mete pantalon long ak chemiz manch long ki gen koulè klè pou w rann li pi fasil pou wè tik yo. Fouye pye pantalon yo anndan chosèt yo pou w anpeche tik yo jwenn ak po ou.
- Sèvi ak yon enspektisid ki anrejistre nan Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA). Yo teste enspektisid sa yo pou wè si yo san danje ak efikas.
  - Sèvi ak yon enspektisid ki gen DEET, picaridin, IR3535 oswa luil ekalptis ki gen sant sitwonèl, para-metàn-dyòl (PMD) oswa 2-andokanòn sou po ki pa kouvri a.
  - Trete rad ak ekipman yo avèk yon enspektisid ki gen pèmetrin 0.5 pousan.
  - Gen anpil enspektisid natirèl ki pa anrejistre nan EPA epi ki pa t sibi okenn evalyasyon.
  - Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale nan lyen sa a [epa.gov/insect-repellents/find-repellent-right-you](https://www.epa.gov/insect-repellents/find-repellent-right-you).
- Verifye rad yo ak po ki pa kouvri a pou wè si yo gen tik pandan w deyò a.

## Sa Pou Fè Apre Ou Fin Antre Nan Kay

- Benyen pi vit ou kapab pou w ka elimine tik ki pa kole sou ou yo.
- Verifye tout kò ou pou wè si pa gen tik.
- Lave rad sal yo nan dlo cho, apresya seche yo nan tanperati ki ba pandan 90 minit oswa nan tanperati ki wo pandan 60 minit.
- Mete rad ou p ap lave yo nan sechwa a nan tanperati ki wo pandan dis (10) minit (oswa pandan plis tan si yo mouye).

Kreye yon zòn nan lakou w la kote tik pa ka antre. Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale nan lyen sa a [on.nyc.gov/tick-yard-booklet](http://on.nyc.gov/tick-yard-booklet).


## Kote Pou Verifye si Gen Tik



## Pwoteje Bèt Kay Ou Yo


- Verifye bèt kay ou yo pou wè si yo gen tik.
- Pase dwèt ou nan plim yo pou w ka detekte nenpòt ti boul. Verifye zòn ki sanble irite yo.
- Mande veterinè w la ki jan pou w anpeche tik anvayi bèt kay ou yo.

## Kote Pou Verifye Si Bèt Kay Ou a Gen Tik



## Fason Pou Retire yon Tik San Danje

1. Itilize pensèt ki pwenti oswa ki gen pwent fen.
2. Pran tik la nan tèt oswa nan bouch egzakteman kote li antre nan po a.
3. Rale li monte byen fèm.
4. Flòch tik la nan twalèt oswa vlope li nan adezif anvan w jete li nan poubèl. Si ou vle pote tik la bay yon pwofesyonèl swen sante pou li idantifye l, mete li nan yon sachè oswa respinyan ki byen fèm, depreferans avèk yon tikal alkòl.



5. Lave kote tik la pike a ak men ou avèk alkòl oswa savon ak dlo.
6. Siveye sentòm yo. Si w gen bouton, lafyèw oswa sentòm ki sanble ak sentòm grip kèk semèn apre w fin retire yon tik oswa apre ou fin rete yon kote ki gen tik, al wè yon pwofesyonèl swen sante.
7. Panse pou w kontakte yon pwofesyonèl swen sante apre w fin retire yon tik ki kole sou ou, sitou si ou te nan yon zòn kote maladi Lyme ap vale teren. Pwofesyonèl swen sante w la ka preskri ou yon sèl dòz doksisisiklin pou anpeche w gen enfeksyon.



## Pou Jwenn Plis Enfòmasyon

Ale nan lyen sa a [cdc.gov/ticks](http://cdc.gov/ticks) oswa [nyc.gov/health/ticks](http://nyc.gov/health/ticks).

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou zafè idantifikasyon tik, vizite Tick Encounter Resource Center (Sant Resous pou Rankont ak Tik) sou [tickencounter.org](http://tickencounter.org).

Yo adapte enfòmasyon ak imaj ki sou kat sa a gras ak Depatman Sante Eta New York ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi. Foto tik ki gen pat nwa koutwazi Sèvis Rechèch Agrikòl Depatman Agrikilti Etazini.

